

D+S

M

Résépsion nòs la paré

Mt 22,1-14

28^e d. o. A

Musique: 21-09-1994

S. Matthieu

Paroles: 18-10-2008

S. Luc

R. Sé kontantman pou moun yo

Ap 19,9

Yo invité vi-n manjé**Nan résépsion y-ap fè-a****Pou mariaj Mouton-an ;****Tout bagay déjà paré :****Ni tab la, ni kouvè-a,**

Ap 21,2 ; Mt 22,4ab.8 ; Pr 9,2 ; Ps 23,5 ; Mt 25,34 ;

Ni bèt yo yo touyé yo,

Ep 2,10

Ni rad nòs pou mété.

Mt 25,10 ; Lc 2,31 ; Mt 24,44 ; Lc 1,17.76

1. Péyi Roua Sièl yo sanblé

Mt 22,1-3

Avèk yon mésié ki roua

K-ap òganizé yon nòs

Pou pitit gason-l nan ;

Li voyé sèvitè-l yo

Pou rélé invité yo

Pou yo vini nan nòs la,

Min yo pa vlé vini.

2. Yon dézièm foua li voyé

Mt 22,4

Dòt sèvitè, antan-l di :

« Di moun ki invité yo

Mouin paré manjé-a,

Toro-m yo ak bèt gra-m yo,

Yo déjà fi-n touyé yo,

Mouin préparé tout bagay,

Sé pou-n vi-n nan nòs-la. »

3. Yo pa konsidéré li,

Mt 22,5-6

Yo pati al fè rout yo,

Sa-k al nan jadin pa li,

Sa-k al nan komès pa-l ;

Lòt yo minm ki rété yo,

Yo sézi sèvitè-l yo,

Yo maltrété yo ak kou,

Épi yo touyé yo.

4. Roua-a faché, l-voyé lamé-l

Mt 22,7-9

Touyé kriminèl sa yo,

Épi li boulé vil yo,

Li di sèvitè-l yo :

« Nòs paré, min invité

Pa mérité vi-n pran plas ;

Alé nan kalfou rout yo,

Sa-n jouinn, rélé nan nòs. »

5. Sèvitè yo sot sou rout,

Mt 22,10-11

Yo ranmasé sa yo jouinn,

Ni sa-k mové, ni sa-k bon,

Nòs la plin moun kouché.

Roua-a antré pou-l ouè moun yo

Ki lonjé kò pou manjé

Li ouè yon mésié ki la

Ki pa gin rad nòs la.

6. Li di-l : « Zanmi, kijan-ou fè Antré isit la konsa, San-ou pa ginyin rad nòs la ? »
Li minm li pé bouch li.
Lè sa-a, roua-a di sèvan yo :
« Maré pié-l avèk min-l yo,
Jété-l nan fè-noua déyò
Kot rèl ak manjé-dan. »
Mt 22,12-13
7. Sa yo rélé yo anpil,
Sé yon ti kras yo chouazi. »
Bondié rélé nou gratis,
Min li kité nou lib.
Fò-n koréponn ak gras la
Antan-n ouét rad péché-a
Pou-n vlopé nan rad nòs-la,
Lavi Bondié li minm.
Mt 22,14
8. Sou mòn dènié rankont la
Granmèt la ap préparé
Résepsion viann ak divin
Kalité sipériè
L-ap rétiré voual dèy la
Ki té vlopé nasion yo
L-ap suyé dlo nan jé yo
L-ap rélvé pèp li-a.
Is 25,6-8 ; cf. Ap 14,1
9. Jou sa-a minm y-ap déklaré
« Min li, min Bondié nou-an
Nan li nou té espéré
Sé li minm ki sové-n.
Sé li minm minm, Granmèt la,
Nan li nou té espéré
Sé pou-n fè kè nou kontan,
Sé li minm ki sové-n. »
Is 25,9
10. Granmèt la sé gadyin mouin,
Mouin pap manké anyin minm
Nan koté zèb la fré-a,
Sé la li fè-m pozé.
Li minn-m bò dlo-k trankil
Li réfè fòs lavi mouin
Li kondui-m nan chémin douat
Pou non li kab jouinn gloua.
Ps 23,1-3
11. Si-m pasé gòj lanmò-a
Mouin pap pè okinn malè
Li avè-m, ak baton li,
Li kondui-m, protéjé-m.
Li paré tab la pou mouin
Dévan sa ki lènmi-m yo
Li mét losion sou tèt mouin
Kalis mouin débòdé.
Ps 23,4-5
12. Gras ak kontantman suiv mouin
Pandan tout tan m-ap viv la
M-ap rét lakay Granmèt la
Pou tout longè tan yo
Sé Kò ak San Granmèt la
Ki sèvi nouritu mouin
Ki fè m-ap viv tout sièk yo
Nan nòs ki pap fini.
Ps 23,6
Jn 6,55.58